

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Panalungtikan nu judulna “Kumpulan Sajak *Basisir Langit* karya Surachman RM (Ulikan Struktural jeung Semiotik)” di antarana ngaguar perkara: 1) struktur, 2) unsur semiotik, jeung 3) patalina antara struktur jeung semiotik tina 29 sajak nu aya dina kumpulan sajak *Basisir Langit* karya Surachman RM. Peso analisis nu digunakeun dina ieu panalungtikan ngagunakeun tiori konsép struktural Alton C. Morris pikeun ngaguar struktur lahir nu ngawengku daksi, imaji, kecap kongkrit, gayabasa, jeung purwakanti sedengkeun pikeun ngaguar struktur batin ngagunakeun tiori konsép struktural I.A. Richards nu ngawengku téma, rasa, nada, jeung amanat. Dina nganalisis unsur-unsur semiotik, tiori nu digunakeun nyaéta konsép semiotika Michael Riffaterre nu ngawengku kateulangsungan eksprési, intertéktualitas/hipogram, jeung pembacaan semiotik. Pamarekan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kualitatif sarta métode déskriptif analistik pikeun ngadéskripsikeyun sajak-sajak Surachman RM dina buku kumpulan sajak *Basisir Langit*.

Analisis struktur lahir puisi ngawengku daksi, imaji, kecap kongkrit, gayabasa, jeung purwakanti. Daksi nu kapaluruh tina 29 sajak nu dianalisis jumlahna aya 22 daksi, nu lolobana leuwih nyoko kana hubungan antara papada manusa ogé manusa jeung alamna. Imaji nu kapaluruh tina 29 sajak nu dianalisis ngawengku imaji panénjo/visual, imaji pangdéngé/auditif, imaji pangrasa/taktil, jeung imaji gerak. Imaji nu nyampak dina ieu sajak lolobana nyaéta imaji panénjo/visual nu digambankeun ku kecap-kecap nu katingali sacara lahir jeung imaji gerak nu digambankeun ku kecap-kecap pagawéan nu sipatna aktif. Kecap kongkrit nu kapaluruh jumlahna aya 20 kecap, lolobana mangrupa kecap barang nu harti léksikalna nyampak dina kamus. Gayabasa nu kapaluruh dina sajak nu dianalisis jumlahna aya lima gayabasa nu ngawengku gayabasa mijalma, gayabasa

ngupamakeun, gayabasa lalandian, gayabasa pamulang, jeung gayabasa rarahulan. Surachman RM lolobana ngagunakeun gayabasa mijalma. Purwakanti nu kapaluruh dina sajak nu dianalisis jumlahna aya opat purwakanti nu ngawengku purwakanti maduswara, purwakanti laraswekas, purwakanti, larasmadya, jeung purwakanti mindoan kawit. Di dieu Surachman RM lolobana ngagunakeun purwakanti laraswekas. Tina hasil analisis éta bisa katitén yén struktur lahir nu aya dina kumpulan sajak *Basisir Langit* miboga struktur lahir nu euyeub sarta bisa dipaluruh tina jihad kasusastraan.

Analisis struktur batin ngawengku téma, rasa, nada, jeung amanat. Téma nu kapaluruh tina 29 sajak nu dianalisis dina ieu panalungtikan aya genep rupa, nyaéta téma ngeunaan cinta, téma kaagamaan, téma lalampahan, téma alam, téma sosial, jeung téma pati. Rasa nu aya dina ieu sajak hasil analisis di antarana aya rasa waas, rasa keueung, rasa tingtrim, rasa sedih, rasa sumanget, rasa bingung, jeung rasa bungah. Nada nu kapaluruh dumasar hasil analisis di antarana aya nada lugas/nyaritakeun, nada ngélingan, nada prihatin, jeung nada sadrah. Amanat atawa pesen nu kacangking dumasar hasil sakabéh sajak nu dianalisis lolobana patali jeung ujian cinta (haté), hakékat manusa nu minangka mahluk ciptaan Gusti Allah, pangéling atawa réfléksi keur diri sorangan, sarta hubungan alam jeung manusa. Tina hasil analisis éta bisa katitén yén struktur batin nu aya dina kumpulan sajak *Basisir Langit* miboga struktur batin nu bisa méré rupa-rupa éfek émosional ka pamaca sarta pangajaran nu bisa dicokot.

Hasil pedaran semiotik tina sajak-sajak Surachman RM dina kumpulan sajak *Basisir Langit* katitén aya tilu rupa unsur semiotik nu ngawengku kateulangsungan eksprési, intertékstualitas, jeung pembacaan semiotik nu nyampak dina unggal sajakna, sanajan teu sakabéh sajak mibanda unsur semiotik nu lengkep.

Antara struktur jeung semiotik dina sajak mibanda hubungan nu raket pisan jeung teu bisa dipisahkeun lantaran silih patula-patali ngawangun hiji harmonisasi. Sajak sorangan nyaéta karya anu diwangun ku struktur lahir jeung struktur batin nu mana tangtuna waé kudu diguar heula ku urang sangkan bisa medar unsur semiotikna.

Dumasar kana pedaran di luhur, bisa dicindekkeun yén sajak-sajak nu aya dina kumpulan sajak *Basisir Langit* nu dikarang ku Surachman RM mibanda struktur lahir jeung struktur batin nu kawilang lengkep sarta bisa diguar unsur semiotikna. Mulai ti homolog sajak-sajakna, tipografi, gaya nulis, kasang tukang dijieguna éta sajak, jeung kumaha rélevansi tina eusi sajakna dina kahirupan jaman kiwari, sakabéh hal éta kaguar ngaliwatan analisis semiotik. Eusi atawa ma'na nu aya dina kumpulan sajak *Basisir Langit* pikatajieun pikeun dibaca tur dianalisis keur saha baé nu boga karep hayang ngungkab sageblengna.

5.2 Implikasi

Implikasi tina dilaksanakeunana ieu panalungtikan nyaéta dipiharep bisa ngeuyeuban, neuleuman, ngaweueweugan, jeung nambahnan pangaweuh kana widang kasusastraan Sunda, hususna dina sajak. Salian éta, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran deui pangaweuh pamaca ngeunaan cara pikeun bisa maham sarta napsirkeun sajak ngaliwatan analisis strukur jeung semiotik, tur matalikeun atawa nyindekkeun patalina struktur jeung unsur semiotik tina hasil nu geus dianalisis.

5.3 Rékoméndasi

Rékoméndasi nu baris ditepikeun nyaéta dumasar kana hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun. Anapon rékoméndasina katitén ieu di handap.

- 1). Pikeun panalungtik, gedé harepan dina panalungtikan satulunya nu ngaguar perkara struktur jeung semiotik dina sajak bisa leuwih jero, anteb, rapih, jeung leuwih taliti deui sangkan naon-naon nu kurang dina panalungtikan saméméhna bisa disingkahan.
- 2). Pikeun masarakat akademik, gedé harepan pikeun aya nu nalungtik ngeunaan ajén inajén, éstética, jeung kabasaan dina sajakna sangkan maksud, tujuan, sarta mangpaat nu nyangkaruk dina sajak-sajak nu aya dina ieu buku bisa leuwih dipikaharti jeung dipipaham kalawan jero jeung nyugemakeun.

- 3). Pikeun masarakat, gedé harepan hasil tina panalungtikan buku kumpulan sajak *Basisir Langit* karya Surachman RM bisa dibaca, bisa méré mangpaat, sarta bisa jadi salahahiji hal pikeun ngajembaran pangaweruh kana sajak minangka aprésiasi dina nanjurkeun widang kasusastraan, hususna sastra Sunda.